



Tanggap wontenipun gangguan pamirengan nalika lare panjenengan mboten cocog kaliyan urutaning kasagedan. **Panggihi petugas kesarasan utawi dokter langkung dini.**

Gangguan pamirengan saged dipun identifikasi nalika yuswa sepinten mawon. Pepeling , Identifikasi dini gangguan pamirengan ingkang dipun lajengaken kaliyan enggal nindakaken rehabilitasi, saged dados kawigatosanipun kangge meminim alaken kesisahan nalika komunikasi dumateng lare



## DIPUN PANTAU URUTANING KESAGEDAN PERKEMBANGAN PAMIRENGAN LAN BASA LAN DIPUN TINDAK LANJUTI LANGKUNG DINI!

Adapted from @World Health Organization,WHO/UCN/NCD/SDR 23.2
Translated by Dr Dinar Rosmala, Sp.T.H.T.K.L., MKes.Bagas Waras General Hospital in Klaten, Central Java.Indonesia.
Member of the World Hearing Forum

https://www.who.int/health-topics/hearing-loss#tab=tab_1



# URUTANING KASAGEDAN PAMIRENGAN LAN BASA TUMRAPING LARE



**Kesagedan pamirengan lan basa ing lare saged dipun biji ganggem tanda-tanda perkembangan ingkang umum**

Tanda puniki nyaosi pirso bilih pamirengan ingkang sehat. Mboten wontenipun tanda kasebat saged nandaaken wontenipun gangguan pamirengan.

**Urutaning kasagedan pamirengan kedah pun pantau supados saged dipun tindaklanjuti langkung dini!**

Lare ingkang anggadahi pamirengan ingkang normal saged nindakaken :




## Nalika yuswa **tigang wulan** :

- Tanggap dumateng suwanten ibu
- Ndamel suwanten menderu

## Nalika yuswa **enem wulan** :

- Nggerakaken mripat ngarah arahing suwanten
- Ngoceh kados "pa", "ba", "mi"






## Nalika yuswa **setunggal warsa** :

- Mengo nalika salah setunggaling tiyang nimbali nami lan mangertosi tembung-tembung umum kadosta 'toya'
- Ngucapaken sak tembung kados "ibu ", "dada"




## Nalika yuswa **kalih warsa**

- Wangsulan pitaken ingkang prasaja , kadosta "sinten puniku?" lan saged nindakaken instruksi ingkang prasaja kadosta : "cepeng dolananipun"
- Ngrangkai kalih tembung kados "mboten tilem" utawi "nyuwun apel"




## Nalika yuswa **tigang warsa** :

- Nindakaken kalih rangkaian ing prentah kadosta "pendhet sendok lan dipun selehaken wonten inggiling meja"
- Gabungaken tigang tembung kang ngginemaken pinten-pinten bab




## Nalika yuswa **sekawan warsa** :

- Mangertosi tembung-tembung kangge anggota keluwargi, warni, lan bentuk
- Mangsuli pitakenan ingkang prasaja "sinten", "punapa", lan "wonten pundi".




## Nalika yuswa **gangsal warsa** :

- Mireng punapa ingkang dipun aturaken wonten griya lan wonten sekolah
- Nyebat nami, aksara lan angka

